

Dekouvri sa ki **VRÉ** ak sa ki **FO** sou antre pa rout tè a, pou moun imigran yo nan Brezil diran pandemi de KOVID-19 la.



M ka fè CPF mwen, menm sim te antre de fason iregilye nan Brasil.

CPF Anrejsitreman moun Fizik se trè enpòtan chak jou nan Brezil pou gen aksè nan dwa bazik yo. Ou kapab fè li nan ajans kourye yo, oubyen pa entènèt menm pou moun ki nan sitiwayon iregilye. Jis prezante yon paspò, ou kat idantite nan peyi orijin ou, rezidans epi ranpli korèkteman fòmilè a ak yon ti frè pou peye. Ou pa bezwen gen otorizasyon migratwa pou gen CPF la.



Si mwen antre pa avyon, map reyisi regularize mwen nan Brasil.

Pa gen anpèchman ou restriksyon nan sa ki gen relasyon ak antre pa avyon, sof prezantasyon viza a, sil nesèsè teste RT-PCR negatif, tout deja konfime nan Pòtrè (ódonans) Entèministeryal n° 653/2021. Sa vle di ke, pandan ou antre pa avyon, probableman ou pral gen yon antre regilye ak mande refij ou mande yon lòt otorizasyon de rezidans devan la Polis Federal..



Tout frontyè nan Brezil yo fèmen.

Antre nan Brezil pa avyon li posib, dèskè moun kap vwayaje a fè tès RT-PCR anvan li anbake epi tou li prezante viza li, lè sa nesèsè. Poutan prèske tout frontyè tèrès yo fèmen, li posib sèlman pou brezilyen yo ki gen otorizasyon de rezidans (CRNM) anteryè, mari oswa madanm, konpayon, oubyen pitit brezilyen/èn, ak nan kèk ka trè espesifik. Apèn yon frontyè tèrès ki rete menm jan : Sa se antre Brezil ak Paragwe.



Imigran iregilye yo pa gen dwa bazik nan Brezil.

Pou Konstitisyon brezilyèn la ak Lwa Migrasyon tout moun, menm sa yo ki pa brezilyen yo ak sa yo iregilye, oubyen san dokiman brezilyen, gen dwa la vi, libète, sante, edikasyon, ak asistans sosyal elatriye. Menm si se iregilye, pèsòn pa kapab rejte matrikil timoun yo na rezo edikasyon an, oubyen aksè de nenpòt imigran nan sèvis de sante, oswa itilize ekipman asistansyal yo. Si yo vyole dwa bazik ou, chèche èd ak denonse!



Notifikasyon pou depòtasyon siyifi ke mwen gen 60 jou pou m parèt devan Polis Federal pou solisite refij ou residans.

Notifikasyon an di, ke ou gen diz 60 dias pou sòti kite peyi a volontèman, anba pèn de depòtasyon. Oswa, si nan 60 jou sa, ou pa jwen yon fason pou regularize sitiyasyon sa pa mwayen de yon aksyon jidisyè, oubyen lòt mwayen de regularisyon ki posib. Ou pral tounen yon moun ki ka gen yon prosesi pou yo retirew ak fòs /obligasyon.



Li posib pou mande èd nan DPU pou regularizasyon pèmanans mwen nan peyi a atravè, aksyon jidisyè.

DPU te antre ak anpil aksyon jidisyè pou l te mande pèmanans moun imigran yo ki te antre yon fason iregilye, anplis, pou li te kesyone sou plizyè fason, de pwetasyon Brezil pou garanti dwa refijye yo. Sèvis nan DPU a se gratis. Ou ka chèche , nan rejyon kote wap viv la , pou ka konnen ki meye fason pou kontinye avèk ka ou.



Si pa gen DPU nan rejyon mwen , pa gen kijan pou solisite èd jidisyè pou kesyon sa.

Nan ka pata va gen DPU nan rejyon ou, wap kapab chèchè yon avoka patikilye, biro fakilte dwa yo, oubyen antite sosyete sivil yo pou oryantasyon jiridik ak konsèy. Lòt posibilite, si tout fwa ou nan sitiyasyon iregilye, se antre dirèkteman ak aksyon jidisyè san avoka, pandan wap chèche sektè prentan, de Tribunal Especial Federal ki pi pre ou.



Pou mwen kabab regularizem o Brezil map apèn gen bezwen yon so pou antre, nan paspò mwen.

Pou regularize ou nan moman sa, moun sa bezwen de yon so ki montre li te antre regilye. Petèt ou kapab resevwa yon so, men nan ka ou remake nan so a li gen nimero 140 ou 126, sa vle di ke yo avize ou pou ka sòti volontè oubyen depòte respektivman. Nan ka ou tava avize pou kite peyi a, menm si ou ta gen so nan paspò, ou pa pral kapab reyisi regularize paske ou te antre iregilye.



Antre nan frontyè tèrès Brezil ak Paragwe garanti posibilite de reglarizasyon.

Antre nan Brezil pa Paragwe, pa rout tèrès sa dwe regilye, ak li dwe tou anrejistre nan yon pòs nan frontyè a, pou moun yo ki reyèlman kite nan Paragwe. Anplis de sa, yo te reyalize anpil entèvyou preliminè de admisyon kote yo tap tann moun ki pou montre ke reyèlman yo te nan Paragwe epi yo pa te ale nan pwèn ki sou frontyè apèn pou te gen yon antre regilye, pandan yo te o Bresil anvan. Fo deklarasyon kapab jenere anpil konsekans kriminèl, ak pakou ki ka mete moun sa nan yon sitiyasyon danjere.